

# Family Resource Centers

## Èske pitit ou :

- Gen gwo pwoblèm lakay ?
- Gen anpil absans, oubyen gen gwo pwoblèm nan lekòl la ?
- Sove kite kay li, oubyen gen moun k ap eksplwate l ?

## Family Resource Centers (FRC) kapab ede w.

Sèvis FRC se sèvis ki volontè, konfidansyèl, baze nan kominate a epi ki akomode pou satisfè bezwen fanmi an.

Sèvis FRC se sèvis ki pratik, avèk kèk pwogram ki disponib aswè epi nan wikenn tou.



Sant Resous Familyal yo : Ap ofri pwogram sou levasyon timoun, gwoup sipò, sèvis evalyasyon resous pou enfòmasyon ak rekòmandasyon.



 Family Resource Centers

[www.frcma.org](http://www.frcma.org)

## Kisa yon Family Resource Center (FRC) ye ?

Family Resource Centers (FRC) ede fanmi ak endividé rezoud pwoblèm, ranfòse atachman yo genyen youn pou lòt, konekte ak lòt moun epi patisipe nan kominote kote yo rete a. FRC yo sitiye nan chak nan 14 konte ki gen nan Massachusetts.

## Kisa Family Resource Center la fè ?

FRC ofri pwogram sou levasyon timoun, gwoup sipò, resous sou enfòmasyon ak rekòmandasyon, sèvis evalyasyon, sèvis entèvansyon bonè pou timoun ak pwogram edikasyon pou fanmi ki gen timoun soti depi nan tibebe jouk rive nan laj 18 an.

FRC gen sèvis espesyalize tou pou fanmi ki gen timoun ki gen dwa gen anpil absans oubyen ki gen gwo pwoblèm nan lekòl la, gen gwo pwoblèm lakay, ki sove kite kay yo, oubyen ki eksplwate.

FRC kolabore avèk paran, timoun, adolesan, grancè ak granmè, gadò, responsab oubyen nenpòt lòt manm fanmi oswa manm kominote a ki konsène ak fanmi an.


Anplwaye FRC la pral evalye bezwen fanmi an genyen, yo pral rekòmande sèvis FRC, epi yo pral ede jwenn aksè nan lòt sèvis nan kominote a si sa ta nesesè.

**Pou ransèyman siplemantè sou sa ki konsène sèvis ki disponib nan yon lokal FRC byen presi, kominike tanpri avèk FRC a dirèkteman. W ap jwenn enfòmasyon pou w kominike avèk FRC nan [www.frcma.org](http://www.frcma.org)**

## Family Resource Centers nan Massachusetts

### Men ki sèvis Family Resource Centers founi

- Seminè sou ekspètiz nan levasyon
- Gwoup pou ede tèt ou
- Gwoup pou granpè ak granmè
- Seminè sou zafè finans
- Seminè pou kontwole estrès
- Pwogram edikatif
- Reyinyon ak aktivite familyal
- Gwoup pou detant ak pwogram pou jenn moun
- Aktivite atizanal, kiltirèl ak espò
- Èd pou jwenn aksè nan lòt sèvis



### Adrès Family Resource Center yo

- |                      |                                |               |
|----------------------|--------------------------------|---------------|
| – Amherst            | – Great Barrington             | – Pittsfield  |
| – Athol              | – Greenfield                   | – Plymouth    |
| – Attleboro          | – Holyoke                      | – Quincy      |
| – Barnstable/Hyannis | – Lawrence                     | – Salem       |
| – Brockton           | – Lowell                       | – Southbridge |
| – Chelsea            | – Lower Roxbury                | – Springfield |
| – Everett            | – Lynn                         | – Taunton     |
| – Fall River         | – Nantucket                    | – Ware        |
| – Fitchburg          | – New Bedford                  | – Westfield   |
| – Framingham         | – North Adams                  | – Worcester   |
| – Gardner            | – Oak Bluffs/Martha's Vineyard |               |

Kote sa a pral ouvri an 2024.

– Dorchester/Mattapan

## Kijan pou kominike avèk yon FRC

Rele oubyen ale nan FRC ou pi pito a nan nimewo oubyen adres ki make sou sit entènèt [www.frcma.org](http://www.frcma.org).

Ou gen dwa sèvi tou ak **Mass211** pou w resevwa enfòmasyon ak rekòmandasyon sou yon FRC oubyen diferan lòt sèvis. Ou gen dwa kominike avèk Mass211 lè w konpoze nimewo « 211 » nan nenpòt telefon nan eta Massachusetts la 24 èdtan pa jou, 7 jou la semèn. Gen sèvis tradiksyon ki disponib nan 140 diferan lang si l nesesè.

**Pou ransèyman siplemantè sou sèvis ki disponib nan yon FRC an patikilye, tanpri kominike dirèkteman avèk FRC a.**



Gade nan sit entènèt nou a pou w jwenn yon Family Resource Center lokal nan [www.frcma.org](http://www.frcma.org)

